

# Demann pou revizyon montan siplemantè pou Òdonans/Avi prelèvman sou revni pou pansyon alimantè

**Anvan w ranpli fòm sa** - Tanpri li lòt bò fòmilè sa a pou enfòmasyon sou revizyon administratif ak pou plis enstriksyon. Itilize lank nwa sèlman.

**Mwen pa gen mwayen pou peye montan siplemantè ki endike nan Òdonans/Avi prelèvman sou revni pou pansyon alimantè a (IWO).** Mwen swete mande yon revizyon ki baze sou Chak ak Bezwen Finansye ak/oswa Revni pa Ane ki pi ba pase Rezèv Otosifizans ak dokiman ki anekse ki tcheke anba a.

## Chaj ak bezwen finansye

Mwen gen chaj fizik timoun ki pa ko gen dizwit tan ki gen dwa pou òdonans pansyon, yon obligasyon sipò aktyèl ki pa egziste ankò pou timoun yo, epi prelèvman revni an afekte kapasite mwen pou sipòte timoun mwen yo ki pa ko gen dizwit tan, jan sa demontre nan:

### **prèv chaj fizik:**

- kopi òdonans tribunal la ki montre ke timoun ki pa ko gen dizwit tan yo abite avèk mwen; oswa
- dosye lekòl oswa lòt dosye gouvènman ki endike rezidans timoun yo; oswa
- lòt (idantifye) \_\_\_\_\_

### **ak prèv sipò ki fini kounye a:**

- kopi òdonans tribunal la ki montre ke òdonans sipò aktyèl la fini;

### **ak prèv revni:**

- kopi deklarasyon taks Eta ak federal ak deklarasyon W-2 ki pi resan mwen te depoze; **ak**
- kopi souch chèk pewòl aktyèl mwen an, oswa yon lèt mèt travay mwen an ki siyen, ki deklare revni aktyèl mwen;

#### **oswa**

- prèv tout benefis mwen resevwa (sètadi, Sekirite sosyal, Benefis asirans chomaj); ak/oswa
- lòt (idantifye) \_\_\_\_\_

#### **ak**

- Fòm deklarasyon revni ak depans.

## Revni anyèl ki pi piti pase rezèv otosifizans lan (SSR)

Montan siplemantè yo mande pou prelve a ap diminye nan revni ki disponib mwen (revni mwens dediksyon lalwa egzise yo) pi piti pase montan rezèv otosifizans mwen ki se 21,128 dola pou 2025 a, jan sa demontre nan:

- kopi deklarasyon taks Eta ak federal ak deklarasyon W-2 ki pi resan mwen te depoze; **ak**
- kopi souch chèk pewòl aktyèl mwen an, oswa yon lèt mèt travay mwen an ki siyen, ki deklare revni aktyèl mwen;

#### **oswa**

- prèv tout benefis mwen resevwa (sètadi, Sekirite sosyal, Benefis asirans chomaj); ak/oswa
- lòt (idantifye) \_\_\_\_\_

### Konplete ak Soumèt pa:

Non (lèt detache tanpri) \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_

Adrès \_\_\_\_\_ Nimewo Sekirite Sosyal \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn lajounen \_\_\_\_\_

Identifyan Dosye New York ak konte ki site sou IWO pou chak kont ou yo:

ID \_\_\_\_\_ Konte \_\_\_\_\_ ID \_\_\_\_\_ Konte \_\_\_\_\_

ID \_\_\_\_\_ Konte \_\_\_\_\_ ID \_\_\_\_\_ Konte \_\_\_\_\_

ID \_\_\_\_\_ Konte \_\_\_\_\_ ID \_\_\_\_\_ Konte \_\_\_\_\_

# Tretman ak Enstriksyon pou demann revizyon montan siplemantè pou òdonans / avi prelèvman sou revni pou panson alimantè

Si ou dwe aryere, yo dwe prelve yon montan siplemantè pou reponn ak aryere yo. Montan siplemantè a enkli nan montan ki repòte pou sipò alimantè ki pase nan Òdonans / avi prelèvman sou revni pou Panson alimantè (IWO), paj 1, dapre Enfòmasyon òdonans III.

Ou ka mande yon revizyon sou montan siplemantè ki pou prelve a pou rezon sa yo:

- Ou gen chaj fizik timoun ki pa ko gen dizwit tan ki gen dwa pou òdonans sipò, ki gen yon obligasyon sipò ki pa egziste ankò pou timoun nan, epi prelèvman revni an afekte kapasite mwen pou sipòte timoun mwen yo ki pa ko gen dizwit tan, jan sa demontre nan:
- Montan siplemantè yo mande pou prelve a k ap diminye nan revni ki disponib ou (revni mwens dediksyon lalwa egzije yo) pi piti pase montan rezèv otosifizans lan ki se 21,128 dola pou 2025 a.

Pou mande yon revizyon, ou kapab itilize fòmilè ki nan do paj sa. Suiv twa etap sa yo pou ranpli demann ou an:

## 1. Tcheke (↓) kaz ki apwopriye yo nan fòmilè a pou:

- Idantifye rezon demann ou an(yo).
- Idantifye dokiman w ap soumèt pou sipòte demann ou an.

## 2. Bay enfòmasyon sa yo nan pati anba fòmilè a:

- Enfòmasyon pèsònèl / pou kontakte ou.
- Nimewo Sekirite Sosyal ou; ak
- Tout idantifyan dosye New York ou (nimewo kont) ak konte ki site sou IWO ou te resevwa a (yo).

## 3. Soumèt fòm ki konplete sa ak dokiman sipò yo nan adrès pou chak biwo sipò timoun lokal kote w ap mande yon revizyon.

- Ou dwe bay dokiman ki idantifye yo pou sipòte demann ou an. Si w swete bay dokiman sipò ki enpòtan ki pa site sou fòm nan, tcheke kaz ki ekri "lòt" la kote ki apwopriye epi bay yon deskripsiyan de dokiman w ap soumèt la.
- Si ou pa depoze deklarasyon taks Eta ak / oswa federal, ou dwe endike rezon ki fè ou pa t depoze deklarasyon taks nan "lòt" liy ki apwopriye a.
- Si "Chaj ak bezwen finansye" se rezon demann ou an, ou dwe soumèt tou fòm **Deklarasyon Revni ak Depans** lan.
- Ou dwe voye kopi fòm sa ak tout dokiman sipò yo nan **chak biwo panson timoun lokal** kote w ap mande yon revizyon pou montan siplemantè ki pou prelve a.

Biwo sipò timoun lokal la ap revize fòm demann ou konplete a ak dokiman sipò a, apre sa l ap ba ou yon desizyon alekri ki deklare si yo dakò avèk ou oswa non.

- Si yo dakò ak demann ou an, konplètman oswa an pati, y ap ajiste kont ou epi voye yon IWO ki amande bay mèt travay ou an epi voye yon kopi IWO a ba ou.
- Si yo pa dakò ak demann ou an, p ap gen chanjman nan montan siplemantè ki pou prelve a. Desizyon an ap baze sèlman sou konsiderasyon òdonans ak rezulta tribunal ki apwopriye yo, dosye Inite Prelèvman Panson Alimantè yo (Support Collection Unit) ak tout dokiman sipò ou te soumèt.
- Desizyon alekri a se ap desizyon final la.